

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Deiksis nya éta unsur basa anu gunana pikeun nuduhkeun hal atawa fungsi nu tangtu di luar basa boh pikeun nunjukkeun tempat, barang (pronominal), atawa nu nunjukkeun waktu tur dipatalikeun jeung kontéks situasi waktu komunikasi lumangsung.

Tina hasil analisis data dina Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda surat Al-Baqarah kapanggih aya 1284 (100%) data nu kaasup kana deiksis.

Tina sajumlah data éta, kapanggih nu kaasup kana deiksis persona aya 17 kecap anu frékuénsi makéna 1197 (93,22%). Tina data deiksis persona éta, kabagi-bagi deui dumasar kana konteks, ma'na jeung distribusina. Nu kaasup kana deiksis persona jalma kahiji jumlahna aya 212 (16,51%), tina jumlah sakitu aya tujuh kecap anu mangrupa kecap deiksis persona jalma kahiji, nya éta (1) *abdi* nu frékuénsi makéna 10 (4,72%), (2) *abdi sadaya* nu frékuénsi makéna 44 (20,75%), (3) *kaula saréréa* nu frékuénsi makéna 33 (15,57%), (4) *kami* nu frékuénsi makéna 107 (50,47%), (5) *urang* nu frékuénsi makéna 7 (3,30%), (6) *kaula* nu frékuénsi makéna 10 (4,72%), jeung (7) *urang saréréa* nu frékuénsi makéna 1 (0,47%). Deiksis persona jalma kahiji dina konteks larapna dipaké pikeun nuduhkeun ka panyatur. Kecap deiksis persona jalma kahiji aya nu miboga ma'na tunggal (*abdi*, *kami*, *urang*, jeung *kaula*) jeung aya ogé nu miboga ma'na jamak (*abdi sadaya*, *kaula saréréa*, jeung *urang saréréa*).

Deiksis persona jalma kahiji *kami* nu kapanggih dina Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda husus digunakeun pikeun nuduhkeun ka Allah S.W.T nu Maha Tunggal zat nu nyiptakeun jalma. Hal ieu nuduhkeun 'keta'ziman' atawa kakawasaan Allah S.W.T. Salian ti éta, hal ieu ogé nuduhkeun kaistimewaan tina ciri-ciri basa Al-Qur'an nu basana diluyukeun jeung basa jalma.

Dina distribusina deiksis persona jalma kahiji sacara maluruh nempatan distribusi nu bébas jeung anaforis (nudahkeun nu aya saheulaeunana).

Nu kaasup kana deiksis persona jalma kadua jumlahna aya 625 (48,67%). Ari kecap nu kaasup kana deiksis persona jalma kadua aya genep kecap, nya éta (1) *manéh* frékuénsi makéna 75 (12,00%), (2) *maranéh* frékuénsi makéna 439 (70,24%), (3) *manéhna* frékuénsi makéna 45 (7,20%), (4) *arandika* frékuénsi makéna 53 (8,48%), (5) *andika* frékuénsi makéna 12 (1,92%), jeung *anjeun* nu frékuénsi makéna 1 (0,16%). Deiksis persona jalma kadua konteks larapna téh salaku pamiarsa, aya nu miboga ma'na tunggal (*manéh*, *manéhna*, *andika*, jeung *anjeun*), tur aya ogé anu miboga ma'na jamak (*maranéh*, jeung *arandika*).

Tina data hasil analisis dina Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda, kecap deiksis persona jalma kadua *anjeun* digunakeun pikeun gaganti ka Allah salaku nu dicaritakeun atawa pamiarsa nu sifatna Maha Tunggal. Hal ieu mangrupa keta'dziman atawa kakawasaan Allah S.W.T dina basa Al-Qur'an nu disaluyukeun jeung basa kaom nalika turunna (nya éta basa Arab) supaya manusa malikir. Dina distribusina sakabéh kecap deiksis persona jalma kadua kaasup bébas jeung anaforis.

Nu kaasup kana deiksis persona jalma katilu jumlahna aya 360 (28,04%), tina jumlah sakitu aya opat kecap nu mangrupa deiksis persona jalma katilu, nya éta (1) *maranéhna* anu frékuénsis makéna 293 (81,39%), (2) *anjeunna* nu frékuénsis makéna 65 (18,06%), (3) *balaréa* nu frékuénsi makéna 1 (0,28%), jeung (4) *maranéhanana* nu frékuénsi makéna 1 (0,28%). Deiksis persona jalma katilu éta dina konteks larapna digunakeun pikeun nuduhkeun ka pamiarsa, nu miboga ma'na tunggal (*anjeunna*), tur aya ogé nu miboga ma'na jamak (*maranéhna*, *balaréa*, jeung *maranéhanana*), jeung dina distribusina, sakabéhna nempatan distribusi nu bébas sarta anaforis.

Tina hasil analisis data dina Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda aya kecap deiksis persona jalma katilu nya éta kecap *anjeunna* nu bisa digunakeun pikeun ka jalma jeung/atawa ka nu nyiptakeun jalma. Nu nuduhkeun ka jalma mah digunakeun dina data (QTABS/135/6/37). Dina ieu data, kecap *anjeunna* digunakeun pikeun nuduhkeun ka jalma nya éta Nabi Ibrahim. Sedengkeun dina data nu lianna mah kecap deiksis persona jalma katilu *anjeunna* sacara maluruh digunakeun pikeun nuduhkeun ka Allah S.W.T, nya éta zat nu nyiptakeun jalma. Hal ieu mangrupa 'keta'dziman' atawa kakawasaan Allah S.W.T nu diébréhkeun dina basa Al-Qur'an nu disaluyukeun jeung basa kaom nalika turunna (nya éta basa Arab) supaya manusa malikir.

Sedengkeun nu kaasup kana deiksis temporal aya 25 kecap anu frékuénsi makéna 49 (3,82%). Tina data deiksis temporal éta, kabagi-bagi deui dumasar kana konteks, ma'na jeung distribusina. Nu kaasup kana deiksis temporal mangsa kamari jumlahna aya 23 (1,79%). Tina jumlah éta, aya 11 kecap nu kaasup kana

deiksis temporal mangsa kaliwat, nya éta (1) *saméméh* nu frékuénsi makéna 9 (39,13%), (2) *baréto* nu frékuénsi makéna 1 (4,35%), (3) *harita* nu frékuénsina 1 (4,35%), (4) *tihela* nu frékuénsina 3 (13,04%), (5) *baheula* nu frékuénsina 3 (13,04%), (6) *saheulaeunana* nu frékuénsina 1 (4,35%), (7) *méméh* nu frékuénsina 1 (4,35%), (8) *saheulaeun* nu frékuénsi makéna 1 (4,35%) , (9) *sadinten (nu katukang)* nu frékuénsi makéna 1 (4,35%), (10) *satengah dinten (nu katukang)* nu frékuénsi makéna 1 (4,35%), jeung (11) *saratus taun (nu katukang)* nu frékuénsi makéna 1 (4,35%). Deiksis temporal mangsa kaliwat (kamari) dipaké pikeun nuduhkeun hiji poé saméméh panyatur nyarita, nu miboga ma'na nu béda-béda. Dina distribusina deiksis temporal mangsa kaliwat sakabéhna miboga sifat nu bébas, tur ditilik tina antesedenna mah kaasup kana anaforis.

Nu kaasup kana deiksis temporal mangsa ayeuna jumlahna aya 8 (0,62%). Tina jumlah éta, aya lima kecap, nya éta (1) *sajaman* nu frékuénsi makéna 2 (25%); (2) *ayeuna* nu frékuénsi makéna 1 (12,5%); (3) *peuting* frékuénsi makéna 2 (25%); (4) *beurang* frékuénsi makéna 2 (25%); jeung (5) *tilu poé* nu frékuénsi makéna 1 (12,5%). Deiksis temporal mangsa ayeuna dina konteks larapanana dipaké pikeun nuduhkeun hiji poé nalika panyatur nyarita. Ditilik tina ma'nana mah tiap deiksis temporal mangsa ayeuna éta miboga ma'na nu béda-béda. Dina distribusi morfemisna deiksis temporal mangsa ayeuna *sajaman*, *ayeuna*, *peuting*, *beurang*, jeung *tilu poé* mangrupa wangun bébas, sabab ditempatkeun dikatuhueun kecap anu diacuna (anaforis).

Nu kaasup kana deiksis temporal mangsa kasampeur jumlahna aya 18 (1,40%). Tina sajumlahing data éta kapanggih aya dalapan kecap, nya éta kecap (1) *sabada* nu frékuénsi makéna 10 (55,55%), (2) *sapandeurieunana* nu frékuénsi makéna 1 (5,55%), (3) *engké* nu frékuénsi makéna 1 (5,55%), (4) *sabajeunga* nu frékuénsi makéna 2 (11,11%), (5) *opat bulan (nu bakal datang)* nu frékuénsi makéna 1 (5,55%), (6) *opat bulan sapuluh poé (nu bakal datang)* nu frékuénsi makéna 1 (5,55%), (7) *tujuh poé (nu bakal datang)* nu frékuénsi makéna 1 (5,55%), jeung (8) *sanggeus* nu frékuénsi makéna 1 (5,55%). Deiksis temporal mangsa kasampeur dina konteks larapanana dipaké pikeun nuduhkeun hiji poé sanggeus panyatur nyarita, anu miboga ma'na nu béda-béda. Dina distribusi morfemisna deiksis temporal mangsa kasampeur mangrupa wangun bébas, sabab ditempatkeun dikatuhueun kecap anu diacuna. Tur kaasup kana anaforis sabab nuduhkeun hal-hal anu saheulaeunana.

Ari nu kaasup kana deiksis lokatif aya 17 kecap anu frékuénsi makéna 38 (2,96%). Tina data deiksis lokatif éta, kabagi-bagi deui dumasar kana konteks, ma'na jeung distribusina. Nu kaasup kana deiksis lokatif proksimal jumlahna aya 3 (0,70%). Tina jumlah sakitu aya hiji kecap nu kaasup kana deiksis lokatif proksimal, nya éta (1) *di dieu* nu frékuénsi makéna 3 (100%). Deiksis lokatif proksimal *di dieu* dina konteks larapanana dipaké pikeun nuduhkeun hiji hal/tempat nu deukeut (proksimal), nu nuduhkeun ma'na 'keberadaan' tur distribusina téh bébas/anaforis.

Nu kaasup kana deiksis lokatif semi-proksimal jumlahna aya 17 (100%). Tina jumlah sakitu, aya opat kecap nu kaasup kana deiksis lokatif semi-proksimal, nya éta (1) *di dinya* nu frékuénsi makéna 4 (23,53%), (2) *ti dinya* nu frékuénsi makéna 5 (29,41%), (3) *dinya* nu frékuénsi makéna 2 (11,76%), jeung (4) *di dinyana* nu frékuénsi makéna 6 (35,29%). Deiksis lokatif semi-proksimal dina konteks larapanana dipaké pikeun nuduhkeun hiji hal/tempat nu rada deukeut (semi-proksimal), tapi tiap deiksis lokatif semi-proksimal éta nuduhkeun ma'na nu béda-béda. Sacara maluruh distribusi deiksis lokatif semi-proksimal ieu sifatna bébas/anaforis.

Tina hasil analisis data dina Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda teu kapanggih data nu kaasup kana deiksis lokatif distal.

Dina hasil analisis deiksis dina Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda kapanggih wangun deiksis lokatif anyar, nya éta wangun deiksis lokatif netral anu nu nuduhkeun tempat nu sifatna teu tangtu. Tina hasil analisis kapanggih nu kaasup kana deiksis lokatif netral jumlahna aya 18 (100%). Tina jumlah sakitu kapanggih aya 13 kecap nu kaasup kana deiksis lokatif netral, nya éta (1) *tengah* nu frékuénsi makéna 1 (5,56%); (2) *di payuneun* nu frékuénsi makéna 3 (16,67%); (3) *di hareupeun* nu frékuénsi makéna 1 (5,56%); (4) *hareupeunana* nu frékuénsi makéna 1 (5,56%); (5) *kaluar* nu frékuénsi makéna 1 (5,56%); (6) *di handapeun* nu frékuénsi makéna 1 (5,56%); (7) *di jerona* nu frékuénsi makéna 1 (5,56%); (8) *ti tukang* nu frékuénsi makéna 1 (5,56%); (9) *satukangeun* nu frékuénsi makéna 2 (11,11%); (10) *ka luhur* nu frékuénsi makéna 2 (11,11%); (11) *ka luhureun* nu frékuénsi makéna 2 (11,11%); (12) *saluhureun* nu frékuénsi makéna 1 (5,56%);

jeung (13) *di handapna* nu frékuénsi makéna 1 (5,56 %). Deiksis lokatif netral dina konteks larapanana dipaké pikeun nuduhkeun hiji hal/tempat nu pernahna dina jarak anu teu tangtu, tur tiap deiksis lokatif netral éta nuduhkeun ma'na nu béda-béda. Sacara maluruh distribusi deiksis lokatif netral ieu sifatna bébas/anaforis.

Dina Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda surat Al-Baqarah pamakéan deiksis persona leuwih loba dibanding deiksis temporal jeung lokatif. Pamakéan deiksis persona ieu frékuénsi makéna leuwih ti satengah data nu aya nya éta frékuénsi makéna nepi ka 93,22%.

5.2 Saran

Panalungtikan ieu kakara mangrupa panalungtikan ulikan pustaka nu ambahanna masih kénéh kawatesanan. Sarta nu dibahas dina ieu panalungtikan mah kakara nétélakeun konteks, ma'na, jeung distribusi larapna tilu deiksis nya éta deiksis persona, lokatif, jeung temporal dina Al-Qur'an tarjamahan basa Sunda surat Al-Baqarah, tacan kapaluruh sakabéh surat tur ayat dina Al-Qur'an mah. Tapi mudah-mudahan bisa ngawakilan pamakéan deiksis dina sakabéh surat jeung ayat nu aya dina Al-Qur'an. Tapi, leuwih hadé upama aya lajuning laku kana ieu panalungtikan nu leuwih jembar ngeunaan pamakéan deiksis dina Al-Qur'an ieu. Sabab, loba pisan hal-hal nu bisa ku urang paluruh ngeunaan pamakéan deiksis dina Al-Qur'an téh.

Salian ti éta, analisis dina Al-Qur'an téh diperlukeun pisan, sabab tacan loba jalma nu nalungtik kana Al-Qur'an hususna dina pamakéan deiksis. Padahal, pamakéan deiksis dina Al-Qur'an kadang kala loba hal nu unik tur can dipikanyaho saacanna. Ogé nalika nganalisis kalamullah ieu kadangkala loba kaajaiban-kaajaiban nu teu disangka-sangka. Ku sabab kitu, pikeun saha waé nu kataji pikeun ngayakeun panalungtikan kana hiji wacana, disarankeun pisan pikeun nalungtik kana Al-Qur'an, sabab salian urang ngalarapkeun teori-teori nu geus aya, urang gé bisa nimukeun deui teori-teori anyar. Salian ti éta, ku nalungtik kana Al-Qur'an dina hadist Nabi ditétélakeun yén maca kana sahuruf dina Al-Qur'an urang diganjar ku sapuluh kahadéan, komo deui upama urang nalungtik kana eusina, éstu ganjaran nu pohara nu ngalimpudan ka urang.

